



The Link

Mete Paran yo ak Kominote Lekòl yo an Kontak



Yon Kolaborasyon Kowoperatif nan Vil Burlington

Patisipasyon Paran se premye endikatè nan siksè elèv nan lekòl piblik nou. Kat antite nan vil la rekonèt fè sa a epitou yo aplike nan NJPIRC pou de (2) diferan prim. Library Company of Burlington [Konpayi Bibliyotèk Burlington] ki chita nan 23 West Union Street, ak Adult Education Program [Pwogram Edikasyon Adilt] asosye pou Prim Bibliyotèk lan. City of Burlington Office of Early Childhood and Sisterhood Inc. kolabore pou Prim Patnè Lekòl. Toude asosyasyon sa yo ap goumen pou kreye relasyon pozitif ant lakay ak lekòl atravè bibliyotèk lan, kominote an ak distrik lekòl lan. Lè paran yo ap kontinye patisipe nan edikasyon, elèv yo gen dwa atenn yon siksè akademik ki valab.

Library Company [Konpayi Bibliyotèk] Burlington pran angajman pou byennèt kominote l depi 250 ane. Devouman yo pou ede jènès nan katye yo vin pi fò toujou. Yo kwè ke edikasyon se kle pou idantifye epi konbat pwoblèm abi timoun epi pou espere sove timoun kominote an de domaj fizik ak emosyonèl. Yo tabli Sware Sinema pou Jènjan, Soti nan Devwa ale nan Pran Plezi: Santral Jènjan, Klib Lekti Fanmi, Èd pou Devwa, Ti Moman Istwa pou De, Klib Lekti Majistra, Match Lekti ak Pwogram Lekti Pandan Vakans Ete: Vin Envantif @ Bibliyotèk ou an avèk yon Sware Sinema Fanmi. Ak nouvo adisyon koleksyon NJPIRC an, yo gen

dwa ofri fanmi yo yon lòt sipò pou yon meyè edikasyon ke yo vreman bezwen.

Biwo Timoun Piti Vil Burlington founi elèv twa kat an k ap viv nan distrik lan yon bonjan pwogram tout jounen. Vil Burlington se yon kominote divès ki montre yon divèsite ak anpil orijin sosyo-ekonomik. Prim Patnè NJPIRC se yon bonjan chans pou ogmante alfabetizasyon paran ak elèv yo parapò a Rezo Nasyonal Patnè Lekol yo, Kad Sis Diferan Patisipasyon Joyce Epstein ak yon kirikilòm alfabetizasyon fanmi; EPIC "Prepare Pare Li".

Efò kowoperatif ak kolaboratif de patnè sa yo enkli kou fòmasyon, klas al vizite Konpayi Bibliyotèk Burlington, kote yon gwoup volontè jènjan, ki rele Bookends, founi materyo ak aktivite lekti, ak aktivite andeyò klas la ke Sisterhood Inc patisipe ladan yo. Rechèch montre ak aktivite kankou sa yo elèv pase plis tan ap fè lekti, konfidans paran yo pou ede elèv yo pral ogmante. Sa amelyore tou konesans paran yo nan alfabetizasyon, teknik konesans fòmasyon timoun konsènan atitud pozitif anè edikasyon ak kominikasyon ant paran, pwofèsè yo ak lekòl la. Antou, sa a se yon bonjan kolaborasyon pou paran ak elèv Vil Burlington yo.

Atik lan ekri pa: Elizabeth Baird, Zanmi Konpayi Bibliyotèk Burlington Regina Genovesi, Biwo Timoun Piti Vil Burlington Sharon Vincz, Konpayi Bibliyotèk Burlington

The New Jersey State Parent Information & Resource Center

NJPIRC

another program of



Prevent Child Abuse
New Jersey

*Bati yon rezo paran,
lekòl, ak kominote ki
sipòte siksè elèv yo*



Anplwaye NJPIRC:

Diane Dellanno, LCSW

Acting Director of Early Childhood
and Education Programs

Milady Murillo, LSW

NJPIRC Program Manager

Colleen M. Hicks

Coordinator of Partnering Schools
and Community Outreach

Carl Shaw, M. Ed.

Coordinator of Partnering Schools
and Community Outreach

Prevent Child Abuse – NJ

103 Church Street, Suite 210
New Brunswick, NJ 08901
1-800-CHILDREN

www.preventchildabuse.nj.org
www.NJPIRC.org

Sèvi ak Teknoloji nan Saldeklas 21yèm Syèk Konsèy pou Paran ak Pwofesè yo

1) Kreye ti egzamen sou entènèt la kote elèv yo ka fè yo lakay yo sou sit kouwè quizilla.com.

(2) Kòmanse yon blog klas la. Revize leson jounen an, poze kèk kesyon apre chak antre e bay pwèn anplis a elèv ki pote tounen repons pou tout kesyon yo. Sit kouwè blogger.com ak wordpress.com ka ede w kòmanse.

(3) Aprann elèv yo kijan pou yo fè rechèch sou entènèt lan, kouwè chèche mo kle pase pou yo chèche tout yon fraz, ak sèvi ak siy + ak – pou sote sèten mo.

(4) Anrejistre materyèl lan sou dis di ou an oswa nan yon kle USB kòm rezèv. Koneksyon entènèt kapab e yo pral tonbe tanzantan, donk se yon bon lide pou w toujou pare.

(5) Apran elèv yo kijan pou yo mete paj yo nan yon dosye espesyal ke yo jwenn ki enteresan. Kèlkeswa si se yon bagay ki an relasyon ak matyè klas la oswa yon referans yo vle mete nan yon redaksyon, li pi fasil pou mete l nan yon dosye espesyal touswit pase ou eseye jwenn li anko pita.

(6) Sèvi ak pwogram ki nouvo yon fason ki eksitan. Kreye grafik nan Excel. Fè postè ak flayè nan Word. Kreye yon liv istwa nan PowerPoint.

(7) Kreye mo kwaze pou ranfòse òtograf oswa lòt nouvo mo sou sit entènèt kouwè edhelper.com.

(8) Pa depann sou ansyen teknoloji sèlman paske se konsa l te toujou fèt. Èske yon prezantasyon PowerPoint se meye fason pou kenbe yon elèv angaje nan sijè a?

(9) Anmenmtan, pa sèvi ak teknoloji jis pou sèvi ak teknoloji. Èske gen yon meye fason pou prezante enfòmasyon, angaje elèv yo, epi pou toujou kenbe l enteresanform?

Kreye Lekòl Kote Fanmi Alèz nan Nou Jeze



Foto a Goch lant: Carl Shaw, NJPIRC Program Coordinator avèk yon paran nan Lowell Elementary School, nan Teaneck

Si w ta bezwen èd eske ou pral dirije w vè lekòl lokal ou an pou èd? Kisa sa ta pran pou w konsidere lekòl ou an kouwè yon resous? Lid eke lekòl lan gen dwa yon gen etap pou fanmi pa twò lwen. Nan Oktòb 2008, Sant Resous ak Enfòmasyon pou Paran nan Eta Nou Jeze (NJPIRC), te bay vennkat lekòl piblik Nou Jeze prè pou kreye pwòp

Sant Reswous Paran Baze sou Lekòl pa yo epi ni lekòl yo, ni paran yo ap remake kijan sant yo ap chanje kilti patisipasyon paran yo. Sant Resous Paran yo ki patwone pa NJPIRC founi nèt ak nouvo odinatè, yon etajè espozisyon ki ranpli ak resous ak yon bwat komantè pou sigesyon ak lide paran yo.

Ak avans teknoloji 21yèm Syèk lan, li trè enpòtan pou paran yo gen aksè a odinatè ak entènèt lan. Avèk Sant Resous Paran yo, paran ki pa ta kapab otreman gen aksè a entènèt la vin ap vizite lekòl pitit yo pou kreye adrès elektwonik, ekri rezime epi vizite entènèt la pou resous ak enfòmasyon ki gen dwa ede yo amelyore edikasyon pitit yo. Epitou paran yo ap sèvi ak enfòmasyon ki sou etajè espozisyon yo pou amelyore konesans kominikasyon yo e ede pitit yon an vin gen meye nòt ak rezilta egzamen.

Kounye a lekòl yo ap founi tout kominote a sèvis, pa sèlman a timoun yo, e rezilta yo imans. Yon paran te vin jwenn kay ak travay kèlke jou anvan fèt Nwèl paske li te vin gen aksè a yon odinatè nan lekòl pitit li. Komantè jeneral lan montre ke Sant Resous Paran yo gen yon ogmantasyon nan prezans paran yo, antouzyas, ak konesans akademik pandan l ap ede ranfòse relasyon enpòtan ant paran yo ak anplwaye lekòl la.

Chak lekòl responsab pou kreye yon anviwònman ki gen anbyans bon akèy epi pou akòmode bezwen paran yo ak yon sosyete teknoloji ki ajou, epi founi aksè odinatè ke anpil paran bezwen. Pou gade foto oswa konnen si lekòl lokal ou an vin genyen yon Sant Resous Paran al vizite sit www.njpirc.org jodi a.

Sit Entènèt ke Nou Renmen

www.familyeducation.com
www.readingrockets.com
www.bookadventure.com
www.crayola.com
www.abcteach.com
www.brainbashers.com

